

Kisa Yo Rele Edikasyon Eksepsyonèl Pou Timoun Andikape Yo?

Nan la Florid, timoun andikape yo ki bezwen lansèyman ak sèvis espesyal rele elèv eksepsyonèl. Èd espesyal yo resevwa lekòl rele edikasyon pou elèv espesyal (ESE). Bi ESE se ede chak timoun andikape fè pwogrè lekòl ak prepare pou lavi aprè lekòl.

Sèvis ESE yo gen ladann lansèyman espesyal pou ka fè fas a tout bezwen espesyal timoun la. Sèvis ESE yo kab gen ladann tou aparèy teknoloji, terapi, transpò espesyal oswa lòt tip sipò. Tout sèvis ESE yo gratis.

Yon gwoup moun deside tout bezwen ak sèvis ESE timoun la va bezwen. Paran timoun la fè pati gwoup sa a tou. Pwosesis sa a baze sou Lwa egzijans Edikasyon Endividi Andikape yo/Individuals with Disabilities Education Act oswa (IDEA). Tout premye pa pou deside sou pwosesis desizyon sou ESE yo dekri anba la a.

Referans pou Evalyasyon Endividyèl

Yon referans se yon demann pou yon entèvyè fòmèl de tout enfòmasyon disponib sou bezwen lansèyman timoun la, pwèn fò liyo ak tout entere liyo. Yon ekip moun, ansanm ak tout paran yo revize enfòmasyon an. Ekip la sèvi ak pwosesis pou rezoud pwoblem pandan revizyon an pou ka detèmine tip ansèyman ki pi apwopriye pou timoun la. Ekip la va deside si gen nesesite pou evalyasyon adisyonèl pou detèmine si timoun la kalifye pou sèvis ESE yo.

Evalyasyon Endividyèl

Evalyasyon an akonpaye ak tout pwosesis ke yo itilize pou jwenn enfòmasyon sou timoun la. Pwosedi sa yo kab gen ladann entèvansyon yo, entèvyè yo, obsèvasyon yo, ak pafwa, egzamen endividyèl espesyal yo bay, kankou psikolog lekòl la. Ekip la, ki konsiste de paran yo tou, pran desizyon pou chak pwosedi evalyasyon endividyèl yap itilize. Paran yo fèt pou siyen yon fòm konsantman anvan pwosesis evalyasyon an komanse.

Kijan yo Detèmine Kalifikasyon

Après evalyasyon an, lekòl la fè yon reyinyon yo rele “eligibility staffing.” Paran yo ansanm ak ekip la diskite tout enfòmasyon yo konpile sou timoun la. Aprè sa ekip la detèmine si timoun la kalifye pou sèvis ESE yo. Pou resevwa sèvis ESE, timoun la fèt pou reyini tout kritè ki parèt nan Règlemantasyon Edikasyon Nasyonal La Florid la/Florida’s State Board of Education Rules.

Paran yo fè pati Ekip la!

Pwofesè ansanm ak lòt anplwaye lekòl la kab reponn tout kesyon paran yo osijè de ESE epi eksplike kijan paran yo kab patisipe nan edikasyon pitit yo. Anplwaye lekòl la kab bay enfòmasyon osijè de dwa ak responsabilite paran yo nan pwosesis ESE a. Tout paran ki ta bezwen enfòmasyon adisyonèl kab kontakte Direktè Lekòl la oswa Administratè ESE nan biwo lokal distri lekòl la.

Tout dwa paran yon nan pwosesis ESE a rele “garanti de pwosedi yo.” Tout paran yo resevwa yon rezime a lekri de tout garanti de pwosedi yo lè yo mande yo konsantman pou y’evalye pitit yo endividyèlman.

Sak Pase si Timoun la Kalifye?

Devlopman premye IEP a

Si timoun la kalifye pou sèvis ESE yo, pa ki swiv la se fè yon reyinyon pou ekri yon plan endividyèl ansèyman (IEP). Yap envite paran timoun la pou asiste reyinyon sa a paske yo fè pati ekip IEP a. Se ekip IEP ka va decide ki tip sèvis espesyal ak sipò timoun la bezwen pouf è pwogre ak atenn bi liyo.

Ekip IEP ap decide tou ki bò timoun la va resevwa sèvis sa yo. Laplipa timoun andikape yo pase pi fò jounnen lekòl yon an klas edikasyon jeneral yo. Gen ladan yo ki kite klas jeneral la yon pati nan lajounnen an pou resevwa lòt sèvis nan klas ESE yo. Gen yon pati nan timoun yo ki pase tout jounnen yon an yon klas espesyal oswa nan lekòl espesyal.

Konsantman pou koumanse ak Sèvis la

Yon timoun paka resevwa sèvis ESE pou premye fwa toutotan yo pa ekri IEP a epi paran yo ba konsantman a lekri.

Revizyon ak Verifikasyon IEP a

Se ekip IEP a ka va decide kijan pou yo mezire pwogrè timoun la ak kijan yap rapòtel. Omwen yon fwa chak 12 mwa, ekip IEP a reyini pou pale de pwogrè timoun la ak devlope nouvò IEP. Mèzalò, piske bezwen timoun la kab chanje nenpòt kilè, revizyon IEP a kab fèt nenpòt ki lòt lè. Nòmalman se ekip IEP a ki fè chanjman sou IEP nan yon reyinyo. Mèzalò, pafwa paran yo ak distri lekòl la kab dakò pou fè chanjman san reyinyon. Nenpòt kilè chanjman sou IEP fèt tout chanjman dokimante a lekri. Paran yo kab mande yon kopi IEP ki revize a.

Piblikasyon sa a devlope ak pwodwi pa Biwo Edikasyon Eksepsyonel ak Sèvis Elèv yo (BEES), Seksyon Lekòl Piblik yo, Depatman Edikasyon La Florid, atravè èd federal ki tonbe sou Lwa Edikasyon pou Andikape yo/Dissabilities Education Act (IDEA), Pati B. Li disponib nan Sant Resous ak Enfòmasyon BEES (BRIC) oswa an liy nan: <http://www.fldoe.org/ese/pub-home.asp>. Pou plis enfòmasyon sou resous sa a oswa lòt resous tanpri kontakte BRIC.

Sit web BRIC: <http://www.fldoe.org/ese/clerhome.asp>

Sit web Biwo a: <http://www.fldoe.org/ese/>

Telefòn: (850) 245-0477

Fax: (850) 245-0987

E-mail: bric@fldoe.org



Depatman Edikasyon la Florid
Dr. Eric J. Smith, Komisyonè
313076